



Ndamukiza 2024

kirundi

## Ba umushakashatsi!

### Nabonye Umukama!

(Yohani 20,18)

**Kontakt:**

Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.:

+49-172-5638432  
meinolf.wacker@go4peace.eu  
www.go4peace.eu

Mail:  
Homepage

Bakunzi ba go4peace,

Hariho ibantu bidushikira, bigaheza bikatugumamwo, n'iyo haciye umwanya muremure. None ikinyegezwa c'ivyo coba ari ikihe? Iyo bikunze kuba aho, twihebeye abandi vy'ukuri, tukabumviriza dushimitse, abantu barumva koko ko twabategereye. Natwe duca twumva ko badukunda. Muri ukwo kwumva ko dukundwa, umuntu arumva ko aharonkera agahengwe.

Mariya Madalena ni umwe mu bakurikira Yezu mu gihe yari kuri iyi si. Yari yaronse amahirwe yo kumwegera, biraheza biramuhindura. N'igihe yari yapfuye, kuri we Yezu ntiyari yagiye. Yarumva ko aguma ariho ari, muzima kandi w'ukuri, n'aho ataboneka. Ni naho yashoboye kubwira abigishwa ba Yezu ati: „Nabonye Umukama“ (Yohani 20,18).

Umusi umwe narahwanye n'umunyeshure yari yaragize ibibazo bikomeye mu muryango avukamwo. Akiri muto yari yaramenyereye kwibako. Niho namutumira ngo dusangire ikawa. Haciye havyuka vuba ukwiyumvanamwo n'ukwizigirana hagati yacu. Naramwumvirije cane, nongera ndamusiguza ndamwengenga. Twasozereye ikiyago cacu cari kiremye koko, yumva yateye intambwa nshasha mu buzima bwiwe. Tumaze gushika aho twari twahagaritse amakinga yacu – duhagaze imbere y'akabare, aho twagira dusezeranire, yarandavye araheza avuga ati: „ivyo ungiriye, burya ntibigirwa na bose“. Nanje ndihweza mu maso yiwe akayanga, ndaheza ndumva ukuntu yari ahiriwe.

Kumbure yoba ari iyo nyene inzira ijana ku buhirwe nyakuri. Ingo rero twige kuba ho vy'ukuri ku bwacu bwite no kubw'abo duhura. Muri bene ivyo bihe, umutima wacu uraraba gushika kure, ugafata nkama uyo muntu tuba turi kumwe. **Ba Umushakashatsi!**

Ku bwa go 4 peace Team

Meinolf Wacker